


Bhaibheri re vana
Rikukupai

Mwanakomana akarasika



Rakanyorwa ndiani: Edward Hughes

Rakafanidzirwa ne: Lazarus

Rakatorwa na: Ruth Klassen; Sarah S.

Rwakashandurwa na: Tendai Mugova

Rakabudiswa na: Bible for Children
www.M1914.org

©2015 Bible for Children, Inc.

Mitero: Une mvumo yekutora nyaya iyi kana
usinganotengesi chete.





Jesu aifarira
kutaurira vanhu kuti
Mwari akanga achida
kuvaregerera. Asi
vatungamiri vakapopota
nokuda kweushamwari
hwake navatadzi. Zvino
Jesu akavaudza nyaya
nhatu dzairatidza kuti
Mwari anofara kana
vatadzi vakakumbira
ruregerero.





Nyaya yokutanga
yakanga iri
pamusoro
peumwe
murume

akanga aine hwai
zana. Hwai imwe
chete yakarasika.



Mufudzi akasiya
dzimwe hwai
achienda
kundotsvaka

imwe yakanga
yarasika.





Mufudzi
akatsvaga kwose
kusvika awana gwai
rakanga rarasika.
Akaritakura
pamapfudze ake
ndokudzokera
kumba.

Akaudza shamwari
dzake kuti, "Pemberai
neni nokuti ndawana
gwai rimwe chete
rakanga rarasika."



Jesu akataura kuti
kana kudenga kunova
nemufaro mukuru
kana munhu mumwe
chete achinge
atendeuka.
Kutendeuka
kunoreva kuti
munhu anenge
aine urombo
nezvitadzo
zvake, urombo
unoita kuti
aregere
kutadza.





Nyaya yepiri
ya Jesu yakanga
iri pamusoro
pemukadzi akanga
aine masirivha
makumi, zvichida
akanga ari ose
akachengeta.
Akarasikirwa
nesirivha rimwe
chete.



Tsvai! Tsvai! Tsvai! Mukadzi
akatsvaga kwese.



Zvisinei, akawana sirivha
rake akava nomufaro mukuru.
Unofunga kuti akaita sei?
Hongu, akaudza shamwari
dzake dzose.





Zvakare
Jesu akati,
"Kune mufaro
mukuru pakati
pengirozi
dzaMwari
kana munhu
mumwe chete
atendeuka."




Nyaya ya Jesu yechitatu
yakanzwise tsitsi kwazvo.
Yakanga iri pamusoro
peumwe mukomana
akasiya imba
yababa vake.



Mukomana akaenda kunyika yakanga iri kure akanodya mari yake. Zvino akanga achaita sei? Mukomana akanga achafa nenzara nokuti makore enzara akatevera.



Achitsvaga zvokudya, mukomana akawana basa rokuchengeta nguruve. Zvichida akadya chikafu chenguruve. Zvisinei mukomana akafunga akati, "Ndodzokera kumba nokuti kana vashandi vanodya zviri nani pane zvandirikudya."







“Ndinodzokera
kumusha
ndinokumbira
baba vangu kuti
vandiregerere.
Handikodzere
kuva mwana
wavo. Zvichida
vanokwanisa
kundipa basa
somushandi
wavo.”



Asati asvika kumba, baba vake vakamuona achiuya.
Vakafara chaizvo kuona mwana wavo achidzoka.
Vakamutsvoda vachibva vamumbundira
mumaoko avo.





Mukomana akataura
achiti, "Baba ndakatadza.
Naizvozvo, handikodzeri
kuva mwana wenyu."

Mukomana akanga achida
kukumbira baba vake kuti
vamuite mushandi wavo.

Asi baba vakatanga
kutaura vakati, "Hunzai

nguwo yakanaka
neshangu dzokuti
ndipe mwana wangu.
Gadzirirai mabiko
makuru."



Vakaita mabiko makuru nokuti mwana akanga arasika akanga awanikwa. Jesu akataura nyaya iyi nokuti

yakaraticidza kuti Mwari anofarira kugamuchira vatadzi vanotendeuka vachiuya kwaari.



Mwanakomana akarasika

Nyaya yeshoko raMwari, Bhaiberi

Inowanikwa mu

Ruka 15

"Mazwi enyu anotipa kuchena."

Mapisarema 119:130



Magumo



Nyaya dze mu Bhaibheri dzinotiwudza zvekushamisa kwaMwari
Musiki wedu uyo anoda kuti umuzive.

Mwari anoziva kuti tese takaita zvakaipa, izvo zvaanoti zvitema.
Mubairo wechitema ndirwo rufu, asi Mwari anokuda kwazvo,
akatuma mwana wake, Jesu, kukufira pamuchinjikwa uye
akatambudziwa nemhaka yako. Jesu akafa akumuka, akadzokera
kumusha kudenga! Kana uchitenda muna Jesu uye ukakumbira
kuregererwa anokuregerera zvitema zvako, Anokuregerera!
Achaya kuzogara mumoyo mako. Achagara mauri. newe ugogara
maari mazuva namazuva.

Kana uchitenda kuti ichi ichokwadi, taura kuna Mwari uchiti
Mudiwa Jesu, ndinotenda kuti ndimi Mwari, uye makauya semunhu
panyika kuzofira zvitema zvangu, uye murikurarama. Huyai mumoyo
mangu mundiregere zvitema zvangu, kuti ndive heupenyu hutsva, uye
nerimwe zuva ndigogara nemi nekusingaperi. Ndibatsirei kuti
ndikuteerereyi, ndirarame semwana wenyu. Amen.

Verengayi Bhaibheri nekutaura ne Mwari mazuva ese. Johane 3:16

